

Communications Parent Email 2-9-21

CREOLE.

REAKTYALIZASYON KALANDRIYE AKADEMIK

Yo te lejèman reaktyalize Kalandriye Akademik 2020-2021 an nan Reyinyon Konsèy Administrasyon Lekòl Regilye ki te dewoule 9 fevriye a pou akomode aktyèl plan pou seremoni Kòmansman Klas 2021 an. Akoz pandemik lan, pwoblèm pou jwenn syèj/espas, e anplis pwosedi pwoteksyon, yo pral genyen pou itilize fasilite e manb pèsonèl genyen pou yo disponib pou seremoni gradyasyon. **Sepandan, yo fè chanjman sa yo vandredi ki te 28 me a.**

CHANJMAN POU VANDREDI 28 ME 2021

- **ELÈV** – Olye yo konsidere Jou sa kòm Jou pou Lekòl Lage Bonè, yo konsidere li kòm yon jounen pou **Enstriksyon Vityèl Deni Jounen pou elèv**
- **PWOFESÈ/MANB PÈSONÈL** –Jou sa a pral yon Jou Planifikasyon Pwofesè koulye a

KLAS KÒMANSMAN 2021

Nou kontan anpil pou anonse plan aktyèl pou seremoni Kòmansman Klas 2021 an! An kolaborasyon avèk Depatman Sante Florid ki nan Collier e pou akomode pwosedi pwoteksyon ki ajoute yo, nou te detèmine ke seremoni gradyasyon pral dewoule nan chak lekòl segondè endividyèlman.*

- **DAT:** Vandredi 28 me 2021
- **LÈ:** 9:00 AM
- **KI KOTE:** Chak estad foutbòl lekòl segondè yo (*Lekòl Segondè Teknik Lorenzo Walker pral dewoule seremoni yo nan Paradise Coast Sports Park)
- **VIZITÈ:** Yo pral pèmèt chak elèv ki gradye pou mennen jiska de (2) vizitè. Moun pral chita nan tribin epi/oswa itilize plas ki make e ki pre idantifye pou pèmèt de vizitè chak patisipan mennen yo pou chita ansanm, pandan yo ap sosyalman pran distans yo
- **SANTE/PWOTEKSYON:** yo pral EGZIJE TOUT patisipan, enkli elèv ki gradye e vizitè yo, pou kouvri vizaj yo
- **DIVIZYON VITYÈL:** Yon difizyon vityèl ANDIRÈK pral disponib pou chak seremoni kòmansman lekòl segondè (yo pral bay plis detay sou kòman pou jwenn bagay sa yo nan yon dat pi ta)

Senyò/paran Klas 2021 pral resevwa detay espesifik konsènan distribisyon tikè, foto gradyasyon, pratik gradyasyon, e evènman senyò ki genyen rapò avèk lekòl segondè yo nan men direktè yo nan semenn ki ap vini yo.

Li enpòtan pou pran nòt ke enfòmasyon yo bay yo kapab chanje dapre gid ki soti nan Deptman Edikasyon Florid, Depatman Sante Florid ki nan Collier, epi/oswa Sant pou Kontwòl Maladi e Prevansyon.